

# ANALISIS STRUKTURAL SEMIOTIK CERKAK SRIKANDIKU WONTEN ING ANTOLOGI CARIYOS 'PANGLIPUR WUJUNG' ANGGITANIPUN ANY ASMARA

AN ANALYSIS OF SHORT STORY STRUCTURAL SEMIOTIC SRIKANDIKU IN THE DIRECTION OF STORY ANTHOLOGY 'PANGLIPUR WUJUNG' BY ANY ASMARA

Dening : Noviana Indriyani, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

## Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken (1) wujud-wujud unsur intrinsik ingkang ngemot alur, penokohan, latar, saha tema wonten ing *cerkak Srikandiku* ing *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara (2) ngandharaken gegayutan *unsur-unsur intrinsik* (*tema, alur, paraga, saha latar*) wonten ing *cerkak Srikandiku* ing *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara (3) ngandharaken tandha-tandha ingkang awujud *ikon, indeks, saha simbol* ingkang wonten ing *cerkak Srikandiku* ing *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara. Panaliten menika kalebet panaliten *struktural semiotik*. *Data* wonten ing panaliten inggih menika (1) unsur-unsur intrinsik saha gegayutan antawisipun unsur intrinsik (2) tandha ingkang awujud ikon, indeks saha simbol. Sumber datanipun inggih menika awujud *cerkak 'Srikandiku'* wonten ing antologi cariyos abasa Jawi ingkang irah-irahanipun "*Panglipur Wujung*" anggitanipun Any Asmara wedalan taun 1964. Caranipun nganalisis *data* ngginakaken *analisis struktural semiotik* cara menika dipunlampahi kanthi cara: ngawontenaken *data, pangirangan /Reduksi data* saha *inferensi*. Panaliten menika ngginakaken *validitas semantis*, salajengipun ngginakaken *reliabilitas intrarater*. Adhedhasar panaliten menika dipunpangguhaken menawi *cerkak 'Srikandiku'* wonten ing antologi cariyos abasa Jawi ingkang irah-irahanipun "*Panglipur Wujung*" gadhah *alur* campuran kanthi gangsal tahapan cariyos inggih menika *tahap situation, tahap generating circumstances, tahap rising action, tahap climax* saha *tahap denuement*. Paraga tama wonten ing *cerkak* inggih menika Pak An, Any Sulastri, Lare Jaler, Lare Setri (Nany), tiga serdadu Inggris, Lare-lare wonten mergi. Latar cariyos *cerkak* inggih menika Magetan, Mojokerto, Surabaya, Madiun rikala jaman penjajahan Inggris. Pagesangan sosial wonten ing *cerkak* inggih menika pangesanganipun masarakat ing wilayah Jawa Timur minangka rakyat Indonesia mliginipun bab status sosial, budaya saha perjuanganipun rikala jaman penjajahan Inggris. *Unsur-unsur intrinsik* wonten ing *cerkak* menika wonten gegayutanipun ingkang dipuniket kaliyan tema. Tema wonten ing *cerkak* inggih menika pangurbanan katresnan kanthi latar ing Jaman Penjajahan Inggris. Tandha wonten ing *cerkak* awujud *ikon (ikon topologis, ikon diagramatik, ikon metafora), indeks saha simbol*.

Pamijining Tembung : *analisis struktural semiotik, unsur intrinsik, ikon, indeks, simbol*

## Abstract

The aims of this research are (1) to describe the form of intrinsic elements in the form of plot, characterization, background, and themes contained in short stories *Srikandiku* in the direction of anthology story *Panglipur Wujung* by Any Asmara (2) describes the relationship of intrinsic elements (theme, plot, characterization, and background) in *Srikandiku*'s short story on the anthology of the *Panglipur Wujung* story by Any Asmara (3) describes the signs in the form of icons, indexes, and symbols contained in short stories *Srikandiku* in anthology story *Panglipur Wujung* by Any Asmara. The study included semiotic structural research. The data in the study were (1) intrinsic elements and the relationship between intrinsic elements (2) sign in the form of icons, indexes and symbols. The data source is a short story '*Srikandiku*' in the Javanese story anthology entitled "*Panglipur Wujung*" by Any Asmara published in 1964. How to analyze data using semiotic structural analysis, the way is done by: presenting data, reduction / data reduction and inference. The study used

semantic validity, then using intrarater reliability. based on the research it was determined that the short story of 'Srikandiku' on the Javanese story anthology entitled "*Panglipur Wujung*" has a mixed flow with five stages of story: Situation stage, generating circumstances stage, rising action stage, climax stage and denuement stage. the characters in the short story 'Srikandiku' are Pak An, Any Sulastri, sons, daughters (Nany), three British soldiers, children on the streets. Background story short story that is Magetan, Mojokerto, Surabaya, Madiun when British colonial era. Social life in the short story is the life of people in East Java as the people of Indonesia, especially about social status, culture and struggle when the British colonial era. The intrinsic elements in the short story have a relationship that is tied to the theme. The theme of the short story is the sacrifice of love laid by the British Colonial era. The short story marks are icons (topological icons, diagrammatic icons, metaphor icons), indexes and symbols.

*Keywords : semiotic structural analysis, intrinsic elements, icons, indexes, simbols*

## PURWAKA

Karya sastra inggih menika raosing priyayi ingkang awujud pengalaman, pemikiran, perasaan, ide, semangat, keyakinan awujud andharaning pagesangan, ingkang saged mbangkitaken penggalhipun kanthi piranti basa ingkang kaandharaken kanthi awujud seratan. Dene karya sastra menika *genre*ipun wonten geguritan, *fiksi* utawi *prosa naratif, antologi, novel, roman, cerkak, drama,* lan sapanunggalanipun. Ananging saking mapinten-pinten genre menika, wonten ingkang dados salah satunggaling daya tarik kangge priyayi ingkang remen maos, inggih menika Antologi cariyos.

*Antologi cariyos* minangka salah satunggaling karya sastra ingkang wosipun ngandharaken *model* pagesangan dateng pamaos kanthi wujud cariyos, geguritan, sekar, lan sapanunggalanipun. Panaliti badhe mendhet karya sastra antologi cariyos wonten ing panaliten menika. Wonten ing *antologi cariyos* wonten karya *kreatif imajinatif* saking panganggit, wosipun saking perangan karya

tulis saking satunggal tiyang utawi saking mapinten-pinten panganggit. Antologi saged awujud cariyos, geguritan, saha sekar ingkang dipunwujudaken dados seratan. Dados, menapa kemawon ingkang dipunpenggalih dening panganggit dipunandharaken mawi seratan. Cariyos ingkang dipunandharaken dening panganggit menika wonten maneka warna wujudipun, gumantung kaliyan *tema* utawi wosipun cariyos pagesangan ingkang wonten ing *antologi cariyos* boten sami kaliyan ingkang wonten ing pagesangan sajatosipun, sinaosa karya sastra menika wujudipun *refleksi* utawi *pencerminan* saking *realitas sosial*.

*Antologi cariyos* menika kasusun saking *unsur-unsur* pembangun inggih menika *unsur-unsur intrinsik* saha *ekstrinsik*. . *Unsur-unsur intrinsik antologi cariyos* inggih menika *plot/alur, paraga, latar, tema, sudut pandang,* saha *gaya bahasa*. Menawi *unsur-unsur ekstrinsik* inggih menika unsur ingkang wonten njawi *karya sastra fiksi* ingkang mempengaruhi kawontenanipun karya menika ananging boten

dados perangan wonten ing sajroning *karya fiksi* menika kadosta sejarah utawi *biografi* panganggit, kahanan ingkang saweg kalampahan, saha *nilai-nilai* wonten ing cariyos. Wonten ing panaliten menika namung dipunanalisis *unsur-unsur intrinsik* ingkang awujud *plot/alur*, paraga, *latar*, saha *tema*. Panaliten menika nganalisis satunggaling cariyos ingkang wonten ing *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara inggih menika *cerkak Srikandiku*.

Wonten ing *cerkak Srikandiku*, salah satunggaling irah-irahan ingkang wonten ing *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara, panganggit ngandharaken cariyos babagan kawontenan jaman perjuangan inggih menika perang nglawan *penjajah* wonten ing Surabaya tanggal 10 Nopember 1945. Kawontenan ingkang wonten ing *cerkak Srikandiku* ing *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara menika perkawis ingkang nrenyuhaken, sedih ananging para paraga ing saben cariyos ing antologi cariyos menika saged nglampahi kanthi lembah manah, kanthi nrima ing ati saengga nyekseni bilih ing satunggaling dinten samangke saged piningan kawontenan ingkang langkung sae.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil, panaliti mendhet *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara minangka objek panaliten ingkang lajeng

dipunanalisis kanthi *struktural-semiotik*. *Analisis struktural* inggih menika nganalisis *unsur-unsur intrinsik* (*tema, plot/alur*, paraga, saha *latar*) karya sastra kanthi *otonom* utawi madeg piyambak. Teeuw (1983:61) ngandharaken bilih *analisis struktur* menika kagolong bab ingkang utami kangge panaliti sastra menawi badhe nindakaken panaliten wonten ing karya sastra. *Unsur-unsur intrinsik* menika dipunanalisis kanthi piyambak-piyambak lajeng dipungayutaken antawisipun *unsur-unsur intrinsik* menika.

Sasanesipun *Analisis Struktural* wonten ing panaliten menika ugi dipunginakaken *Analisis Semiotik* inggih menika kawruh babagan tandha-tandha. Pradopo (2010:118) ngandharaken menawi boten nggatosaken sistem tandha, makna saha kovensi tandha, struktur karya sastra boten saged dipunmangertosi maknanipun kanthi optimal. Wonten ing karya sastra sistem tandha utawi lambing menika dipunsebut basa. Basa minangka medium karya sastra ingkang sampun kagolong sistem tandha utawi semiotik ingkang gadhah teges.

Panaliten menika ngginakaken teori Pierce amargi jumbuh kaliyan ancasipun panaliti ingkang badhe ngandharaken wujudipun tandha wonten ing antologi cariyos menika. Kanthi ngginakaken teori Pierce menika saged ngandharaken makna ingkang *tersirat* menapa *tersurat* saengga makna

menika saged langkung cetha. miturut Pierce adhedhasar objekipun tandha menika dipunperang dados tiga inggih menika *ikon*, *indeks*, saha *simbol*. Wonten ing antologi cariyos menika kathah tandha-tandha ingkang awujud *indeks*, *simbol* saha *ikon*. Tandha-tandha menika kedah dipunanalisis kanthi *semiotik*, saengga saged mangertos makna tandha-tandha menika kanthi sae.

“*Rembulane trontong-trontong* lagi andadari, *langite katon padang sumilak*, *lintang-lintang pating krelip* ana ing *langit kang biru*. Hawane adem silir-silir, agawe nikmate aku wong loro, sing wektu kuwi lagi *lelunguhan* ana sangisoring wit talok *omong-omongan pating kalesik.....*” (Any Asmara, 1964 kaca 22)

## CARA PANALITEN

Panaliten menika ngginakaken analisis struktural semiotik kangge nganalisis data. Data-data menika awujud isi saha makna ingkang dipunanalisis kanthi menapa wontenipun lajeng data-data menika dipunandharaken. Cara-cara ingkang dipunlampahi wonten ing panaliten inggih menika:

### 1. Ngawontenaken Data

Ngawontenaken data menika katindakaken kaliyan panaliti kanthi cermat saha taliti kangge pikantuk data ingkang dipunbetahake. Cara-cara ngawontenaken data inggih menika.

#### a. Nemtokake unit analisis

Pethikan data wonten ing nginggil kagolong *ikon topologis*. *Ikon topologis* inggih menika gegayutan ingkang adhedhasar wujud ingkang sami. *Ikon topologis* menika gegayutan kaliyan paraga cariyos mawi *sikap* saha kawontenan *fisik*.

Panaliten menika nganalisis *cerkak Srikandiku* ing *antologi cariyos Panglipur Wujung* anggitanipun Any Asmara ngginakaken analisis Struktural-Semiotik supados makna ingkang kaandhut saged dipunmangertosi. *Analisis Struktural* kangge nganalisis gegayutan antawisipun *unsur-unsur intrinsik* menawi *analisis semiotik* kangge nganalisis tandha ingkang wonten ing *unsur-unsur intrinsik* menika.

Nemtokake unit analisis inggih menika misah-misahaken data dumados perangan-perangan ingkang saged dipunanalisis (zuchdi, 1993:30). Unit ingkang dipunanalisis menika awujud tembung, frasa saha ukara wonten ing data utama ingkang badhe dipuntaliti unsur-unsur intrinsikipun (plot/alur, paraga, tema saha latar). Saklajengipun dipunanalisis wujud tandha basa inggih menika *ikon*, *indeks*, saha *simbol*.

#### b. Ngawontenaken data saha Panyeratan data

Ngawontenaken data katindakaken kanthi pamaosan, pangertosan saha panyeratan. Bab menika dipuntindakake amargi sumber data menika minangka bahan pustaka. Wonten ing

tahap menika data ingkang sampun dipunpikantuk 30 saking pamaosan kanthi dipunbolan-baleni lajeng dipunserat saha dipunklasifikasikaken adhedhasar unsur-unsur intrinsik, ikon, indeks, saha simbol.

## 2. Pangirangan/Reduksi data

Data ingkang boten relevan utawi jumbuh kaliyan ancasing panaliten dipunkirangi.

## 3. Inferensi

Inferensi inggih menika perangan ingkang utama kangge memaknai data ingkang jumbuh kaliyan konteksipun. Dipunbetahaken kawruh babagan konteks data ingkang taliti. Inferensi katindakaken kanthi cara maos saha mangertos wosingipun cariyos antologi cariyos, dipunlajengaken kanthi analisis struktural kangge nyengkuyung analisis semiotik adhedhasar kaliyan teori ingkang dipunginakaken.

## ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

### *Ringkesaning Cariyos Cerkak 'Srikandiku'*

Cariyos Any Sulastri menika meh sami kaliyan cariyosipun Srikandhi, inggih menika pahlawan putrid ing cariyos ringgit purwa. Srikandi inggih menika paraga wonten ing pewayangan Jawi, Srikandi inggih menika putrinipun Prabu Drupada kaliyan Dewi Gandawati, gadhah garwa inggih menika Raden Arjuna. Wonten ing Keraton Astinapura, Srikandi kondhang minangka prajurit wanita

saha prigel anggenipun ngginakaken gaman panah, saengga dados patuladhan dhateng prajurit wanita. Ing perang Baratayudha, Srikandi minangka senapati perang Pandawa nggantosi Resi Seta, kasatriyan Wirata ingkang pejah nalika ngadhepi Bisma, senapati agung balatentaranipun Kurawa. Saking riwayatipun Srikandi ingkang kados menika, Irah-irahan cerkak ingkang dipuntliti wonten ing panaliten menika inggih menika Srikandiku. Srikandiku menika kangge ngandharaken sikapipun Any Sulastri ingkang sami kaliyan sikap ingkang dipungadhahi dening Srikandi, inggih menika wanita ingkang satriya, *tangguh*, wantun nalika nglawan serdadu Inggris kangge nyelametaken garwanipun ingkang dipunculik dening serdadu Inggris. Irah-irahan Srikandiku ketinggal pinangka pasemon tumrap Any Sulastri ingkang kalebet *Ikon*, inggih menika *Ikon Metaforis* amargi paraga Any Sulastry menika gadhah *kemiripan* kaliyan satunggal tokoh ing ringgit purwa inggih menika Srikandhi.

Pirantosing panaliten wonten ing panaliten inggih menika panaliti piyambak utawi *Human Instrument*.

Guba saha Lincoln lumantar Moleong (2010:168) ngandharaken bilih titikan umum manungsa minangka instrumen

- 1) *Responsif:*
- 2) *Dapat Menyesuaikan diri*
- 3) *Menekankan keutuhan*
- 4) *Mendasarkan diri atas perluasan pengetahuan*

- 5) *Memproses data secepatnya*
- 6) *Memanfaatkan kesempatan untuk mengklarifikasikan dan mengikhtisarkan*
- 7) *Memanfaatkan kesempatan untuk mencari respons yang tidak lazim dan idiosinkratik*

Dados miturut andharan ing nginggil menika manungsa saged dipunsebat instrumen menawi saged *responsif* utawi tanggep saha *interaktif* nalika nindakaken observasi saha wawancara ugi ngginakaken *imajinasi* saha ngulir budikangge pikantuk data. Kajawi menika manungsa saged ngolah data informasi dados data ingkang saged dipunjumbuhaken malih kaliyan informasi sanesipun kangge tandingan.

Miturut Moleong (2010: 168) ngandharaken menawi “*Panaliti ingkang gadhah rancangan ugi nindakaken, ngempalaken data, ngolah, ngandharaken saha nglaporaken asiling panaliten.*”

Panaliti minangka *human instrument* anggenipun ngempalaken data mbetahaken pirantos pambiyantu. Pirantos menika antawisipun *kartu data* kangge nyathet *data* saking asiling maos *antologi cariyos*. *Kartu data* kaisi ukara-ukara ingkang awujud pethikan-pethikan *antologi cariyos*, utawi cathetan-cathetan ingkang dipunkinten-kinten gegayutan kaliyan pirembaran wujud-wujud *sikap hidup* priyayi, *unsur-unsur struktural*, *acuanipun (ikon, indeks, simbol)* ingkang wonten ing *antologi cariyos* Panglipur Wujung anggitanipun Any Asmara.

**1. Unsur-unsur Intrinsik Wonten ing Antologi cariyos Panglipur Wujung**

**a. Tema**

*Antologi cariyos* menika gadhah mapinten-pinten *tema* inggih menika *tema mayor* saha *tema minor*. *Tema minor* kangge nyengkuyung

saha nonjolaken *tema mayor* utawi *tema utami*.

Gambar bagan tema inggih menika :

<i>Tema Mayor</i>	<i>Tema Minor</i>
Katresnan dhateng tiyang sanes saha raos setya tuhu lan pangorbanan kangge tiyang ingkang dipuntresnani.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Perjuangan</li> <li>• <i>Kepahlawanan</i></li> <li>• Adat istiadat masarakat Jawi</li> <li>• Pendidikan</li> <li>• Katresnan</li> <li>• Pangorbanan</li> </ul>

Saking bagan wonten ing nginggil menika *tema mayor antologi cariyos* inggih menika Katresnan dhateng tiyang sanes saha raos setya tuhu lan pangorbanan kangge tiyang ingkang dipuntresnani. *Antologi cariyos* menika nyariosaken katresnan saha raos setya tuhu lan pangorbanan paraga dhateng tiyang ingkang dipuntresnani, kadosta paraga saged nampi kawontenan manahipun piyambak tatu kangge nglilakaken tiyang ingkang dipuntresnani sesandhingan kaliyan tiyang sanes, sikap paraga nalika mirsani tiyang ingkang dipuntresnani nandang lara amargi tiyang sanes paraga purun ngorbanaken piyambakipun kangge nylametaken tiyang ingkang dipuntresnani, paraga langkung prioritas sekolah utawi pendidikan katimbang katresnanipun dhateng pacangan.


Sasanesipun *tema mayor*, *cariyos* menika ugi gadhah *tema minor*. *Tema minor* saking *antologi cariyos "Panglipur Wujung"* inggih menika katresnan, nikah peksan utawi perjodhoan, *kepahlawanan*, perjuangan,

pendidikan, adat istiadat tiyang Jawi, saha pangorbanan dhateng tiyang ingkang dipuntresnani.

**b. Alur**

Alur sorot balik dipunwastani ugi alur regresif inggih menika cariyos ingkang urutaning kadadosan menika boten asipat kronologis. Cariyos menika boten dipunwiwiti saking tahap awal (purwanipun cariyos kanthi logika), ananging saking tahap tengah menapa tahap akhir, lajeng tahap awal cariyos dipuncariyosaken, Menawi dipungambaraken kanthi skema inggih menika :

**Gambar 2. Tahapan Alur Cerkak Srikandiku wonten ing Antologi Cariyos “Panglipur Wujung”**



**Katrangan :**

- D1** = nglambangaken tahap tengah
- A-B-C** = nglambangaken tahap awal, lajeng prastawa-prastawa saklajengipun sorot balikipun kadadosan ingkang ngandharaken tahap tengah ing wiwitanipun cariyos kala wau, lajeng klimaks ingkang ngandharaken kadadosan sebab akibatipun kawontenan ing wiwitan cariyos.
- D2** = nglambangaken tahap penyelesaian klimaks
- E** = nglambangaken *endingipun* utawi kadadosan samenika

**Tandha D1** menika minangka tahap tengah cariyos ingkang wosipun nyariosaken Any Sulastri ingkang dipuncariyosaken dening paraga aku (An).

**Tandha A** menika minangka tahap awal cariyos ingkang ngandharaken bilih paraga An utawi si Aku menika sampun dangu anggenipun mbangun gesang bebrayan kinten-kinten sampun wonten 10 taun ngantos samenika,

**Tandha B** menika minangka tahap saklajengipun sorot balikipun kadadosan ingkang ngandharaken tahap tengah ing wiwitanipun cariyos kala wau, ingkang nyariosaken kawontenan nalika paraga An utawi si Aku kaliyan Any Sulastri ingkang wekdal menika sami lelenggahan wonten sakngandhapipun wit talok sami rerembagan pating kalesik kawontenanipun rembulanipun andadari langitipun katon padhang sumilak, lintang-lintang pating kerlip wonten ing langit ingkang biru saha hawanipun adhem sumilir. Wekdal menika paraga An utawi si Aku taksih dados temanten awis kirang langkung setengah wulan kepengker, mila taksih suka bagya. Tandha C menika minangka klimaks ingkang ngandharaken kadadosan sebab akibatipun kawontenan ing wiwitan cariyos ingkang ngandharaken bilih Paraga An utawi si Aku menika sampun wonten ing dhaerah peperangan wonten ing Kitha Surabaya,

**Tandha D2** menika minangka tahap penyelesaian klimaks kanthi cariyos Ngantos nem wulan anggenipun paraga An utawi si Aku mondok wonten Rumah Sakit amargi tatunipun ing lempeng kencing mitraliuring mengsah, semanten ugi Any Sulastri ingkang kedah nampi bilih astanipun ingkang sisih tengen kedah dipunpotong.

**Tandha E** menika minangka tahap *endingipun* utawi kadadosan samenika kanthi cariyos sabibaripun prastawa Madiun, paraga An utawi si

Aku saha Any Sulastri lajeng pindah dhateng Magetan ngantos samenika Any Sulastri nglajengaken bikak praktek Bidan, dene paraga An utawi si Aku pados padamelan sanesipun, gesang kanthi ayem tentrem. Ing pungkasan paraga An utawi si Aku kaliyan paraga Any Sulastri sami boncengan badhe tindak dhateng Taman Bahagia nalika ngepasaken dinten Pahlawan. Ing mergi nalika lare-lare mirsani paraga An utawi si Aku kaliyan Any Sulastri boncengan sami sorak, ingkang kalajengaken gumuyu pratandha suka bagya manahipun.

### c. *Paraga*

Adhedhasar teknik pelukisan tokoh, paraga-paraga wonten ing cerkak menika dipungambaraken kanthi *teknik ekspositori* utawi *teknik analitik* saha *teknik dramatik*. *Teknik ekspositori* utawi *teknik analitik* katindakaken kanthi nyukani *deskripsi* utawi andharan kanthi langsung wonten ing cariyos.

Adhedhasar saking *segi peranan* utawi tingkat wigatinipun paraga wonten ing cariyos wonten paraga tama saha paraga tambahan. Amargi kawontenanipun ingkang kathah wonten ing cerkak, paraga An utawi si Aku saha Any Sulastri kagolong paraga tama. Saklajengipun paraga lare jaler, lare setri (Nany), kanca-kanca prajuritipun paraga An utawi si Aku saha kalih serdadu tentara Inggris, serdadu tentara Inggris, Pangagenging paraga An utawi si Aku, lare-lare ing mergi kagolong paraga tambahan amargi kawontenanipun ingkang sekedhik saha boten patos dipungatosaken.

Adhedhasar fungsi penampil tokoh, wonten paraga protagonis saha antagonis wonten ing cerkak menika. Paraga protagonis wonten ing cerkak inggih menika paraga An utawi si Aku saha Any Sulastri, paraga lare jaler, lare setri (Nany), kanca-kanca

prajuritipun paraga An utawi si Aku, Pangagenging paraga An utawi si Aku, lare-lare ing mergi. Analisis paraga protagonis adhedhasar paraga menika gadhah kapribadhen ingkang sae. Paraga antagonis inggih menika serdadu tentara Inggris. Menawi analisis paraga antagonis adhedhasar paraga menika gadhah kapribadhenipun ingkang boten sae.

Adhedhasar wewatakanipun paraga, wonten paraga prasaja saha bulat wonten ing cerkak menika. Paraga prasaja wonten ing cerkak inggih menika kalih serdadu tentara Inggris. Paraga-paraga menika kagolong paraga prasaja amargi gadhah setunggal watak utawi wewatakanipun ajeg boten owah-owah. Paraga Bulat inggih menika paraga An utawi si Aku saha Any Sulastri kagolong paraga bulat amargi wonten owah-owahan wewatakan.

Analisis paraga adhedhasar wewatakan dimensionalipun wonten ing cariyos menika dipunandharaken kanthi karakter saha ciri fisik.

### d. *Latar*

Latar wonten ing Cerkak Srikandiku wonten ing Antologi Cariyos "Panglipur Wujung" Anggitanipun Any Asmara menika kaperang dados sekawan, inggih menika latar papan, latar suasana, latar wekdal saha latar sosial. Latar papan menika gegayutan kaliyan wonten pundi kedadosan menika kalampahan. Latar suasana gegayutan kaliyan suasana wonten ing kadadosan ing cariyos. Latar wekdal gegayutan kaliyan wekdal kedadosan menika kalampahan. Latar sosial gegayutan kaliyan kebiasaan masarakat ingkang dipuncariyosaken wonten ing cerkak.

### e. *Sudut Pandang*

Miturut Abrams (wonten ing Nurgiyantoro, 2013: 338), *sudut pandang*, *point of view*, nedahaken caranipun satunggaling cariyos dipuncariyosaken. *Sudut pandang* kasebat minangka cara utawi pandangan ingkang dipunginakaken panganggit minangka sarana



kangge ngandharaken cariyos wonten ing satunggaling karya *fiksi* dhateng pamaos.

Sudut pandang menika dipunperang dados kalih, inggih menika *persona pertama*, *first-person*, gaya “aku”, saha *persona ketiga*, *third-person*, gaya “dia”. Cariyos ingkang ngginakaken *sudut pandang persona ketiga* “Dia”, narator inggih menika tiyang ingkang wonten ing cariyos jawi ingkang medalaken paraga-paraga cariyos kanthi nyebataken nama, utawi tembung gantipun inggih menika *ia*, *dia*, *mereka*. *Sudut pandang “dia”* kagolongaken dados kalih inggih menika “Dia” *Maha tahu* saha “Dia” *Terbatas*, “Dia” minangka *Pengamat*.

Wonten ing *sudut pandang “Dia” Maha tahu* cariyos dipuncariyosaken saking sudut “dia”. Ananging panganggit, narator, saged nyariyosaken menapa kemawon perkawis-perkawis ingkang gegayutan kaliyan paraga “dia”. Narator mangertos sedaya perkawis babagan paraga, prastawa, tumindak, pangraos, pikiranipun lan sanes-sanesipun. Wonten ing sudut pandang “Dia” *Terbatas* panganggit ngandharaken menapa ingkang dipuntingali, dipunmirengaken, dipunalami, dipunpikir, saha dipunraos dening paraga cariyos, ananging namung ing satunggal paraga kemawon ingkang gegayutan kaliyan paraga gumantung saking *sudut pandang* panganggit, satemah pamaos saged mangertos lampahipun cariyos.

Wonten ing cariyos ingkang ngginakaken *sudut pandang persona pertama* “aku”, narator inggih menika tiyang ingkang *terlibat* wonten ing cariyos. Si “aku” paraga ingkang cariyos, nyariyosaken pribadhipun, nyariyosaken prastawa saha tumindak ingkang dipunmangertosi, dipuntingali, dipunmirengaken, dipunalami, dipunpikir, dipunraosaken, saha sikapipun dhateng paraga sanesipun dhateng pamaos. Pamaos

namung saged ngraosaken menapa ingkang dipunraosaken dening paraga.

Mila, wonten ing cariyos cekak “Srikandiku” panganggit ngginakaken *sudut pandang persona pertama*, inggih menika panganggit *terlibat langsung* wonten ing cariyos minangka “aku”.

## 2. Gegayutan antawisipun Unsur Karya Sastra

Gegayutan antawisipun karya sastra saged andhadosaken reroncening cariyos ingkang sae. Gegayutan antawisipun unsur kasebat inggih menika gegayutan antawisipun *alur*, paraga, saha *latar* ingkang dipuniket kaliyan tema minangka dhasaring menawi damel karya sastra. Tema cariyos menika minangka perkawis ingkang utami ingkang saged dipunmangertosi adhedhasar tumindakipun paraga, latar saha prastawa-prastawa ingkang dipunlampahi kaliyan paraga saengga saged dipunmangertosi maknanipun cariyos.


Tema mayor utawi tema utama *Cerkak Srikandiku* wonten ing *Antologi Cariyos “Panglipur Wujung”* inggih menika Katresnan dhateng tiyang sanes saha raos setya tuhu lan pangorbanan kangge tiyang ingkang dipuntresnani. Tema mayor menika dipunsengkuyung kaliyan Tema minor. Tema minoripun inggih menika Perjuangan, *Kepahlawanan*, Adat istiadat masarakat Jawi, Pendidikan, Katresnan, Pangorbanan. Saking tema-tema menika lajeng panganggit damel cariyos kanthi alur ingkang kronologis.

Alur menika kadadosan saking prastawa-prastawa ingkang kalampahan kaliyan paraga-paraga. Paraga-paraga menika gadhah wewatakan ingkang boten sami antawisipun setunggal paraga kaliyan paraga sanesipun. Paraga tama wonten ing *Cerkak Srikandiku* wonten ing *Antologi Cariyos “Panglipur*

*Wujung*” inggih menika An utawi si Aku saha Any Sulastri. Sasanesipun paraga tama ugi wonten paraga tambahan ingkang ugi gadhah pengaruhipun kaliyan dalanipun cariyos. Ingkang paraga tambahan inggih menika lare jaler, lare setri (Nany), serdadu tentara Inggris, kanca-kanca prajuritipun An utawi si Aku, lare-lare ing mergi.

Prastawa-prastawa ingkang dipunlampahi paraga menika kadadosan wonten ing salah satunggaling papan, wekdal saha lingkungan sosial masarakat tartamtu. Menawi dipungambaraken kanthi bagan inggih menika.

**Gambar 8. Bagan Gegayutaning Unsur-Unsur Instrinsik**



**PANUTUP**

**Dudutan**

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun katindakaken ngengingi babagan struktural semiotik wonten ing *Cerkak Srikandiku* wonten ing *Antologi Cariyos “Panglipur Wujung”* saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

Sasampunipun nindakaken analisis ingkang ngandharaken unsur-unsur intrinsik wonten ing *Cerkak saged dipunmangertosi menawia alur cerkak Srikandiku* wonten ing *Antologi Cariyos “Panglipur Wujung”* menika *alur campuran*. Prastawa-prastawa wonten ing cerkak dipungambaraken kanthi runtut ananging ugi wonten kadadosan-kadadosan ingkang nyariyosaken rikala rumiyin utawi sorot balik (*flashback*). Alur cerkak menika kasusun wonten gangsal tahapan inggih menika *tahap situation, tahap generating circumstance, tahap rising action, tahap climax, saha tahap denuement*. Cerkak menika wonten kalih paraga tama saha enem paraga tambahan. Prastawa-prastawa wonten ing cariyos menika kadadosan rikala *jaman penjajahan Inggris* wonten ing Surabaya. Unsur-unsur ingkang mbangun cariyos cerkak menika sami gayut saengga cariyos menika saged wutuh ingkang lajeng dipuniket wonten ing *tema mayor* inggih menika *Katresnan dhateng tiyang sanes saha raos setya tuhu lan pangorbanan kangge tiyang ingkang dipuntresnani*. Sasanesipun tema mayor, wonten ugi tema minor inggih menika *Perjuangan, Kepahlawanan, Adat istiadat masarakat Jawi, Pendidikan, Katresnan, Pangorbanan*.

1. Panaliten menika dipunlajengaken kanthi analisis semiotik ingkang ancasipun kangge nyengkuyung analisis struktural. Analisis semiotik wonten ing cerkak menika

ngandharaken tandha-tandha ingkang awujud *ikon, indeks, saha simbol*.

2. Wonten ing analisis semiotik pikantuk kalih *ikon topologis, setunggal ikon diagramatis lan tigang ikon metafora. Ikon topologis wonten ing cariyos menika nyebataken papan saha kawontenanipun.*
3. Wonten ing cerkak menika dipunsebataken kawontenan kitha Surabaya minangka papan ingkang dipunjajah dening tentara Inggris. *Ikon diagramatik wonten ing cerkak inggih menika babagan cariyos astanipun paraga tama Any Sulastri saged cacad tugel astanipun. Ikon metaforis inggih menika awujud tembung entar ingkang ngandharaken kawontenan papan peperangan, dasanama ngandharaken kautamanipun pejah wonten ing peperangan katimbang ing papan sare, saha tembung pepindhan menika gayut kaliyan wujud barang, paraga utawi tetuwuhan wonten ing kasunyatan. Indeks wonten ing cerkak inggih menika gayut kaliyan tumindakipun paraga tama ingkang ndadosaken raos sih katresnan, raos patriotism, saha raos duka. Tumindak-tumindakipun paraga menika saged dados titikan wewatakanipun saha tema saking cariyos. Simbol wonten ing cerkak inggih menika awujud simbol nama padamelan, simbol sekar macapat, saha simbol kedhana-kedhini.*

Adhedhasar tandha *ikon, indeks, saha simbol* ingkang wonten ing cerkak menika saged dipunpangghaken makna cariyos menika kasetyanipun katresnan.

### **Pamrayogi**

Panaliten menika namung dipunwatesi ngantos dumugi *struktural semiotik*ipun. Dipunkajengaken wonten panaliten *Cerkak Srikandiku* wonten ing *Antologi Cariyos "Panglipur Wujung"* saged ugi dipuntaliti *unsur ekstrinsik*ipun saha *semiotik*ipun. Kanthi pendekatan *ekstrinsik* menika saged dipunmangertosi keyakinan saha pandangan hidup panyerat satemah gadhah gegayutan wonten karya sastra menika. Taksih wonten kathah perkawis ingkang saged dipuntaliti saking cerkak menika, saged ugi naliti *Antologi Cariyos "Panglipur Wujung"* amargi kathah judul-judul cerkak ingkang gayut kaliyan tema katresnan. Panaliten menika saged ngginakaken pendekatan sosiologi sastra, psikologi sastra, saha pendekatan sanesipun ingkang relevan.

### **KAPUSTAKAN**

Abrams, M.H. 1971. *A Glossary of Literary Terms*. New York: Holt, Rinehart and Winston.

Fakultas Bahasa dan Seni. 2013. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.

Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. 2012. *Suplemen Panduan Penulisan Tugas Akhir Skripsi*. Yogyakarta: FBS UNY.

Meleong, Lexy. 2004. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosda Karya.

Pradopo, Rachmat Djoko, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Hanindita.

\_\_\_\_\_. 2007. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta : Gajah Mada University Press.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia:J.B Wolters' Uitgevers. Maatschappij N.V.

Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia. 2008. KBBI

Daring.

<http://bahasa.kemdiknas.go.id/kbbi/index.php>. Dipununduh nalika tanggal 26 April 2018.

Stanton Robert. 1964. *An Introduction to Fiction*. New York: Holt, Rinehart and Winston, Inc.

Teeuw. 1983. *Membaca dan Menilai Sastra*. Jakarta : PT Gramedia